

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa miboga kalungguhan minangka pakakas komunikasi sarta pakakas patalimarga nu dipaké dina kahirupan sapopoé. Ieu pamanggih téh luyu jeung nu ditétélakeun ku (Sudaryat, 2014, kc.22), yén basa mangrupa sistem lambang omongan nu miboga fungsi salaku pakakas komunikasi atawa campur gaul manusa dina pakumbuhan jeung masarakat. Dina enas-enasna, komunikasi mangrupa prosés nepikeun pesen (rasa, pikiran, jeung kahayang) sarta rupa-rupa pamaksudan ti hiji jalma ka jalma séjénna. Basa jadi médium pikeun nepikeun pamaksudan ti diri panyatur, bisa ngaliwatan basa lisan atawa basa tulis. Upamana basa lisan nyaéta nu sok dipaké nalika jalma keur gunem catur, ari basa tulisan mah nyaéta basa anu ditepikeun ngaliwatan média tinulis.

Dina makéna basa Sunda, boh sacara lisan boh sacara tinulis, digunakeun rupa-rupa kecap nu ngaruntuy jadi hiji kalimah. Patali jeung éta hal, basa miboga pakait harti antara hiji kalimah jeung kalimah séjénna. Upamana kalimah kahiji bisa nimbulkeun ayana kalimah kadua, kalimah kadua bisa jadi acuan kalimah katilu, pon saterusna. Runtuyan kalimah nu silih sinambung patali jeung proposisi nu hiji jeung proposisi nu séjén, bakal jadi ungkara nu disebut wacana, ieu dumasar kamandang nu ditepikeun ku (Alwi, 1993, kc. 471).

Kridalaksana (2008, kc. 208) nétélakeun yén wacana mangrupa satuan basa nu lengkep; *hierarki* gramatikal pangluhurna. Wacana diréalisasikeun dina wangun karangan (novél, buku, séri énsiklopédia, jsb), paragraf, kalimah, atawa kecap nu miboga eusi, ma'na, sarta amanat nu lengkep. Saluyu jeung naon nu ditétélakeun ku (Sopiyahwati & spk., 2021, kc. 2) yén wacana mangrupa unit basa nu kauger ku hiji wanda jeung ma'na dina wangun kalimah-kalimah. Nurutkeun (Sukriyah & spk., 2018, kc. 268), wacana dibagi jadi dua wanda, nyaéta wacana lisan jeung wacana tulis, sipatna bisa transaksional atawa interaksional. Dina komunikasi lisan, wacana ditilik minangka prosés komunikasi antar panyatur jeung pamiarsa, sedengkeun dina komunikasi sacara tinulis, wacana mangrupa hasil tina ébréhan idé atawa gagasan panyatur. Dina hiji wacana, boh sacara tinulis boh dina wacana lisan, miboga unsur-unsur kecap, frasa, klausa, jeung kalimah nu nyusun

ngawangun hiji informasi nu weuteuh. Salah sahiji aspék nu penting dina wacana nyaéta aspék kohési. Ditegeskeun ku (Mulyana, 2005, kc. 26) kohési dihartikeun minangka paduna bentuk, anu sacara struktural ngawangun ikatan sintaktikal. Kohési ngadadarkeun patalina kalimah jeung kalimah, paragraf jeung paragraf, atawa bab jeung bab dina hiji wacana. Patalina antarkalimah dicirian ku ayana unsur-unsur gramatikal atawa semantik sacara éksplisit.

Wacana dianggap bener tur merenah saupama mibanda hubungan anu sinambung, kohésif, jeung kohérensi. Luyu jeung nu dipedar ku (Sumarlam, 2003, kc. 23) yén wacana nu padu bisa ditingali dina hubungan bentuk jeung struktur lahir nu sipatna kohésif, sarta ditingali tina hubungan ma'na atawa batin nu sipatna kohéren. Lantaran teu sakabéh panyatur basa bisa maham kana aspék-aspék nu geus disebutkeun. Ku kituna, nurutkeun (Chaer, 2012, kc. 267), teu jarang aya wacana nu kurang kohésif.

Sawangan nu sarua diébréhkeun ku (Badara, 2012, kc. 16) yén wacana dibentuk ngaliwatan runtuyan kalimah nu silih patali ngawangun hiji ma'na. Patalina hiji kalimah jeung kalimah séjén dina hiji wacana bisa dilakukeun ngaliwatan sarana atawa alat, salah sahijina nyaéta konjungsi. Ayana konjungsi nyieun hubungan antarkalimah jadi padu tur logis, antukna idé nu ditepikeun jadi babari dipipaham, ieu pamadegan ditepikeun ku Boneh, D., & Waters dina Maulina (2018, kc. 192). Konjungsi miboga pancén nyambungkeun antarkecap, antarfrasa, antarklaus, ogé antarkalimah. Konjungsi dina basa Sunda disebut ogé kecap panyambung.

Kridalaksana (2008, kc. 131) nyebut konjungsi ku istilah konjungtor anu mangrupa kecap panyambung. Konjungtor nyaéta bentuk atawa satuan kabasaan pikeun nyambungkeun atawa ngaruntuykeun antarkalimah dina hiji wacana nu sarua. Konjungsi dipaké minangka pananda hubungan nu aya dina dua wilayah analisis, nyaéta wilayah kohési minangka hubungan bentuk, jeung kohérensi minangka hubungan di widang ma'na.

Sakumaha nu geus ditétélakeun yén konjungsi atawa kecap panyambung dipaké dina hiji wacana bisa ngahasilkeun tulisan nu babari dipipaham ku pamaca. Makéna konjungsi anu bener mangaruhan pisan dina nangtukeun jelas henteuna ma'na jeung maksud dina hiji tulisan. Saupama konjungsi nu digunakeun teu merenah,

bisa nimbulkeun ma'na dina tulisan teu katepikeun kalawan hadé pikeun pamaca, ieu hal luyu jeung kamandang nu ditepikeun ku (Usman, 2022, kc. 105).

Dumasar kana pedaran saacanna, ieu panalungtikan leuwih museur kana konjungsi salaku unsur kohési dina wacana prosa fiksi basa Sunda, hususna dina carpon. Salah sahiji karya sastra basa Sunda wangun carpon anu ngandung unsur kohési nyaéta kumpulan carpon *Haté Awéwé* karya Risnawati. Salah sahiji tandana nya éta ku ayana konjungsi atawa kecap panyambung. Ieu di handap aya conto konjungsi nu kapaluruh dina éta kumpulan carpon.

“Najan moal aya nanaon gé, kuring angger wé meuli baju anyar. Tuluy nyieun kuah-kuéh, da sésa lebaran mah geus érép. Minangka ngubaran kakeueung, kuring gé néléponan kolot jeung dulur-dulur nu masih kénéh di Wailéla. Ngawilujengkeun sakalian ngubaran kasono.”

Dina sempalan carpon di luhur ébréh ayana konjungsi anu dicirian ku kecap *najan, jeung, tuluy*. Saupama ditilik dumasar wanda konjungsi, kecap *najan* kaasup kana konjungsi sumélér (subordinatif), kecap *jeung* kaasup kana konjungsi satata (koordinatif), sedengkeun kecap *tuluy* kaasup kana konjungsi anteuran. Ku kituna tangtu dina ieu kumpulan carpon miboga loba pisan konjungsi anu bakal kapanggih. Luyu jeung anu geus ditétélakeun, yén hiji wacana disebut kohésif saupama aya kasaluyuan sacara bentuk basa (*language form*) jeung kontéks situasi dina basa. Salah sahijina dicirian ku ayana konjungsi atawa kecap panyambung.

Aya sawatara alesan pangna ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun. Carpon téh mangrupa hiji carita prosa anu miboga jalan carita nu ngagambarkeun réalitas kahirupan manusa di hiji tempat jeung latar. Penting pisan dina karya prosa atawa dina karya fiksi miboga wacana anu weuteuh tur padu ti awal nepi ka ahir. Ieu hal téh maksudna sangkan nu maca bisa nyangkem eusi carita, idé atawa gagasan anu diébréhkeun ku panulis dina hiji wacana. Karya sastra wangun carpon mangrupa karya sastra nu miboga alur nu leuwih pondok batan novél. Irawan & spk., (2022, kc. 20) negeskeun yén carpon henteu utuh saupama di jerona teu ngandung konjungsi.

Panalungtikan ngeunaan konjungsi kohésif kungsi dilaksanakeun di antarana waé, *“Analisis Kohesi Gramatikal Konjungsi dalam Wacana Novel Ayah Karya Andrea Hirata* (Saputro & Sevira, 2020).” Ieu panalungtikan leuwih museur kana

wanda konjungsi sarta fungsi basa dina konjungsi nu aya dina novél. Panalungtikan saacanna ngeunaan konjungsi dina basa Sunda kungsi ditalungtik di antarana waé “Adegan Wacana Prosa Fiksi Basa Sunda (Analisis Kohési, Konjungsi, jeung Kohérensina dina Kumpulan Carpon Kanangan Jilid (Ardiansyah, 2014).” Salian ti éta aya ogé panalitian nu judulna “Kecap Panyambung Dina Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-C SMP Negeri 45 Bandung Taun Ajaran 2014-2015 (Lestari, 2015).” Ieu panalungtikan téh medar ngeunaan ma’na sarta kasalahan makéna kecap panyambung dina surat pribadi siswa.

Ditilik tina panalungtikan saméméhna, katitén loba nu nalungtik ngeunaan konjungsi. Tangtuna dina ieu panalungtikan miboga sasaruuan jeung bébédaan. Sasaruuanana nyaéta nalungtik ngeunaan konjungsi atawa kecap panyambung dina wangun karya sastra fiksi. Sedengkeun bédana nya éta ieu panalungtikan leuwih museur kana konjungsi salaku unsur pananda kohési, boh sacara léksikal boh gramatikal dina wacana prosa hususna dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karya Risnawati. Dina panalungtikan (Saputro & Sevira, 2020) ngeunaan kohési gramatikal konjungsi museur kana tiori nu ditétélakeun ku Halliday, M.A.K., & Hasan (1976) yén kohési gramatikal mangrupa patalina ohési nu dicangking ngaliwatan makéna élemén jeung aturan gramatikal, di antarana référénsi, substitusi, élipsis, sarta konjungsi. Sedengkeun nurutkeun tiori Sudaryat (2020) nétélakeun yén kohési téh ngawengku kohési gramatikal, kohési léksikal, sarta konjungsi nu aya di tengah-tengah antara kohési léksikal jeung kohési gramatikal. Dumasar hal éta ieu panalungtikan leuwih nyoko kana tiori nu dipedar ku Sudaryat (2020) pikeun rujukan nu ngarojong kana ieu panalungtikan. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “Konjungsi Kohésif dina Kumpulan Carpon *Haté Awéwé* Karya Risnawati.”

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Konjungsi naon waé nu kapaluruh dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karya Risnawati?
- b. Kumaha fungsi konjungsi nu kapaluruh dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karya Risnawati?

- c. Kumaha ma'na konjungsi nu kapaluruh dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karya Risnawati?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho tur ngadéskripsikeun wangun, fungsi, katut ma'na konjungsi dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* minangka unsur kohési dina wacana prosa.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- Konjungsi anu kapaluruh dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karya Risnawati.
- Fungsi konjungsi nu kapaluruh dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karya Risnawati.
- Ma'na konjungsi nu kapaluruh dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karya Risnawati.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis hasil dina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun ngajembaran pangaweruh dina widang kabasaan hususna dina adegan wacana lebah konjungsi salaku unsur kohési. Salian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi bahan pikeun ngeuyeuban tiori-tiori kabasaan utamana dina widang pragmatik.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sangkan leuwih écés deui baris diwincik sababaraha mangpaat anu sipatna praktis tina ieu panalungtikan, diantaranya:

- Pikeun Panalungtik

Dipiharep ieu panalungtikan bisa ngejembaran pangaweruh ngeunaan kabasaan utamana larapna konjungsi salaku unsur kohési dina wacana prosa, boh wandana, fungsina, katut ma'nana.

b. Pikeun nu Maca

Dipiharep ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban sakumna informasi nu geus aya tur bisa jadi référénsi pikeun nu maca. Salian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré kontribusi pikeun panalungtikan ka hareupna anu baris dilaksanakeun.

c. Pikeun Guru

Dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi sumber référénsi atawa bahan bacaan patali jeung analisis kabasaan pikeun bahan diajar di sakola.

d. Pikeun Siswa

Dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi référénsi ngeunaan kabasaan hususna nu patali jeung konjungsi atawa kecap panyambung, sangkan nambahan pangaweruh siswa dina widang kabasaan.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika dina ieu skripsi disusun jadi lima bab, anu bisa diwincik saperti ieu di handap.

- | | |
|---------|---|
| Bab I | maluruh ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangfaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis jeung raraga nulis. |
| Bab II | medar ngeunaan ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. |
| Bab III | medar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku kana sababaraha komponén, nyaéta sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data. |
| Bab IV | maluruh ngeunaan eusi jeung analisis sakabéh aspék konjungsi nu kapaluruh dina kumpulan carpon <i>Haté Awéwé</i> karya Risnawati. |
| Bab V | mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran pikeun nu nyusun hususna, umumna pikeun nu maca. |